**दिन–गुरूवार** **दिनांक–18.12.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

लोकसभा मे आइ विकसित भारत रोजगार आ आजीविका गारंटी मिशन ग्रामीण वीबी जी राम जी विधेयक दू हजार पच्चीस के ध्वनिमत सँ पारित कऽ देल गेल। ई विधेयक मनरेगाक स्थान लेत। एहि कानून मे प्रत्येक वर्ष एक सय पच्चीस दिनक रोजगारक गारंटीक प्रावधान कयल गेल अछि। संगहि, केन्द्र सरकार द्वारा समय–समय पर एकर प्रगति आ आकलनक प्रावधान राखल गेल अछि। एहि सँ पूर्व विपक्षक मांग के मानैत विधेयक के विभिन्न बिन्दु पर लोकसभा मे विशेष चर्चा भेल। चर्चाक जवाब दैत केन्द्रीय ग्रामीण विकास मंत्री शिवराज सिंह चौहान कहलनि जे केन्द्र सरकार मनरेगाक अंतर्गत वृहत स्तर पर काज कयलक आ आब जी राम जीक अंतर्गत ग्रामीण क्षेत्र मे असंगठित क्षेत्रक श्रमिक के रोजगारक सुनिश्चित अवसर दऽकऽ हुनका आत्मनिर्भर बनेबा मे सहयोग करत।

---

प्रदेश भाजपाक नव निर्वाचित अध्यक्ष संजय सरावगी आइ अपन पदभार ग्रहण कऽ लेलनि। पटना स्थित प्रदेश कार्यालय मे आयोजित कार्यक्रम मे निवर्तमान प्रदेश अध्यक्ष डॉक्टर दिलीप जायसवाल हुनका दायित्व सौंपलनि। एहि अवसर पर अपन संबोधन मे श्री सरावगी कहलनि जे ओ सरकार आ संगठनक मध्य समन्वय कऽ काज करताह। श्री सरावगी दरभंगा शहर सँ छठम बेर विधायक निर्वाचित भेल छथि।

---

जदयूक राष्ट्रीय कार्यकारी अध्यक्ष आ राज्यसभा सदस्य संजय झा केन्द्र सरकार सँ मैथिली भाषाक प्राचीन लिपि तिरहुता के डिजिटल प्लेटफॉर्म पर लयबाक आग्रह कयलनि अछि। ओ राज्यसभा मे कहलनि जे तिरहुता के गुगल की–बोर्ड, एंड्रॉयड–आईओएस तथा सोशल मीडिया प्लेटफॉर्म पर अयबा सँ मैथिली भाषी के सहुलियत हेतनि।

---

दरभंगाक सांसद गोपालजी ठाकुर केन्द्रीय सुक्ष्म लघु आ मध्यम उद्यम मंत्री जीतनराम मांझी सँ भेट कऽ दरभंगा मे टेक्नोलॉजी एक्सटेंशन सेंटर शुरू करबाक मांग कयलनि। संगहि, बेनीपुर आ विरौल अनुमंडल मे ग्रामीण हाट तथा खादी मॉल खोलबाक आग्रह सेहो कयलनि। ओ कहलनि जे केन्द्र सरकारक विभिन्न विकासात्मक काजक कारणे आब दरभंगा बिहारक दोसर आर्थिक राजधानी बनय जा रहल अछि।

———————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ पटना मे आयोजित कार्यक्रम मे चौतीस मोबाईल फॉरेंसिक वाहन के हरियर झंडी देखा कऽ विदा कयलनि। एहि वाहनक मददि सँ अपराधक घटना मे फॉरेंसिक जाँच मे तेजी आओत। एहि अवसर पर उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आ विजय कुमार सिन्हा समेत आनो गणमान्य लोक उपस्थित छलाह।

———————————————————————

उपमुख्मंत्री सह भूमि सुधार आ राजस्व मंत्री विजय कुमार सिन्हा विभागीय अधिकारी लोकनि के भूमि संबंधित मामिला के शीघ्र निपटयबाक निर्देश देलनि। पटनाक ज्ञान भवन मे आयोजित उच्च स्तरीय बैसार मे श्री सिन्हा अपर समाहर्ता, भूमि सुधार उपसमाहर्ता आ अंचलाधिकारी लोकनि के भूमि विवाद सँ संबंधित मामिला के प्राथमिकताक आधार पर निपटेबाक निर्देश देलनि। श्री सिन्हा कहलनि जे राज्य मे रैयत लोकनि के कोनो परेशानी नहि होबऽ देल जायत। दोसर दिस श्री सिन्हा आइ नगर विकास आ आवास विभागक पदभार सेहो सम्हारि लेलनि।

———————————————————————

दरभंगा जिलाक नेहरा थाना क्षेत्रक नेहरा पंचायत मे एक कार के पानि भरल नहर मे उनटि जयबाक कारणे कार सवार तीन नव युवकक मृत्यु भऽ गेलनि। तीनू युवक गामे के छलाह। घनगर कुहेस हेबाक कारणे ई दुर्घटना भेल।

दोसर दिस, जयनगर–दरभंगा रेलखंडक पंडौल रेलवे स्टेशन पर एक युवक के इंटरसिटी ट्रेन सँ खसबाक कारणे घटना स्थले पर मृत्यु भऽ गेलनि।

———————————————————————

एक मजगूत पश्चिमी विक्षोभक प्रभाव सँ प्रदेशक अधिकांश भाग मे कड़गर ठंढ़ा शुरू भऽ गेल अछि। राजधानी पटना समेत प्रदेशक दक्षिण–पश्चिम आ उत्तर–पश्चिम भाग मे अधिकतम आ न्यूनतम तापमान मे एकाएक तीन सँ चारि डिग्री सेल्सियस कमी दर्ज भेल अछि। एहि सँ जाड़ बढ़ि गेल। मौसम विभाग अपन पूर्वानुमान मे कहलक अछि जे अगिला अड़तालीस घंटा मे तापमान मे आओर कमी हेबाक संभावना अछि। विभाग राज्यक पश्चिमी आ मध्य भाग मे घनगर कुहेस लगबाक रेड अलर्ट सेहो जारी कयने अछि। हमर दरभंगा संवाददाता कहलनि अछि जे घनगर कुहेसक कारणे रेल आ हवाई यातायात पर प्रतिकूल असरि पड़ल अछि। ठंढ़ाक कारणे जनजीवन अस्त–व्यस्त भऽ गेल अछि। पछिला चौबीस घंटा मे भागलपुरक सबौर राज्यक सभ सँ ठंढ़ा स्थान रहल, जतऽ न्यूनतम तापमान नओ दशमलव नओ डिग्री सेल्सियस दर्ज कयल गेल।

---

समाप्त